

Prepare pou admisyon lekòl segondè – Patisipe nan yon sesyon enfòmasyon!

Chè fanmi:

Nou swete fen ane lekòl la vin an byen pou ou!

Ete sa a, pitit ou a pral kòmanse klas uityèm ane ak patisipe nan pwosesis admisyon lekòl segondè. Pou ede w prepare, nou kontan envite w nan yon sesyon enfòmasyon vityèl andirèk pou ete sa.

Nou pral pale sou enfòmasyon debaz ki konsène aplikasyon lekòl segondè ak pataje kèk konsèy sou kòman pou mete w prè avan menm aplikasyon lekòl segondè a ouvri. N ap pran tan tou pou reponn kesyon patisipan yo. Tout sesyon yo ap bay menm enfòmasyon an, donk ou pa bezwen ale nan plis pase yon sesyon.

Orè aktivite yo:

- **Madi 8 jiyè | 5pm pou 6pm.** Sesyon yo ap fèt nan lang Anglè. Entèprètasyon disponib nan lang Bangla, Chinwa (Mandaren), Ris langaj an siy ameriken pou bèbè/soud (American Sign Language, ASL).
- **Jedi 10 jiyè | 5pm pou 6pm.** Sesyon sa a vize elèv ki gen andikap (Students with Disabilities, SWD). Sesyon yo ap fèt nan lang Anglè. Entèprètasyon disponib nan lang Arab, Chinwa (Mandaren), Panyòl ak langaj an siy ameriken pou bèbè/soud (American Sign Language, ASL).
- **Mèkredi 16 jiyè | 5pm pou 6pm.** Sesyon an ap fèt nan lang Panyòl
- **Vandredi 18 jiyè | 3pm pou 4pm.** Sesyon yo ap fèt nan lang Anglè. Entèprètasyon disponib nan lang Arab, Fransè ak Kreyòl Ayisyen.

Pou patisipe:

- Klike sou lyen zoom sa a nan lè sesyon an ap kòmanse: <https://bit.ly/July2025HSEvents>
- ID Webinar: 940 1208 2547
- Kòdpas 123456
- Pou odyo nan telefòn:
 - US + 1646 931 3860
 - Liy konferans: 940 1208 2547#
 - Liy konferans: Modpas: 123456#

N ap kontan wè w patisipe!

Ou gen kesyon? Nou la pou nou ede w!

- Ale sou schools.nyc.gov/HS.
- Voye yon imèl ba nou nan HSEnrollment@schools.nyc.gov.

Avèk senserite,

Ekip admisyon lekòl segondè

Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w pou [mete non w sou lis](#) nou an pou resevwa imèl lekòl segondè.

Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa nan okenn lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w sou lis.